



KONNEN DWA OU!

PASPÒ DWA POU MOUN
KI AN DEPLASMAN



Sekretèri Enklizyon ak byennèt Sosyal (Inclusión y Bienestar Social), ke yo konnen tankou SIBISO, se yon depandans Gouvènman vil Kapital Meksik la ki gen pouvwa ke Lalwa nan entèkiltirèlte, Atansyon a Migran ak Mobilite Imèn nan DF a ba li, pou konsepsyon, opere, egzekite ak evalye politik, kanpay ak aksyon ki vize pou garanti dwa moun ki imigran, moun ki ap mande refijye ou byen azil, moun ki se refijye, moun ke yo voye retounen nan kapital la ak moun ki te nano n lòt peyi yo voye tounen, tankou fanmi ki deplase pou ale on lòt kote anndan peyi a.

ANPE NAN SÈVIS SIBISO YO SE:

1. Oryantasyon ak èd pou fè demach papye idantite: batistè, CURP, kat electoral, papye konsila, pami lòt.
2. Konsèy sou demach papye imigrasyon ak demand kondisyon refijye nan COMAR.
3. Fasilite aksè demach yo ak sèvis a travè lyen ak enstitisyon pou kapab jwenn aksè a sèvis sante, edikasyon, jistis ak mezon dakèy tanporè.



TOUT SÈVIS SIBISO BAY YO GRATIS.



Anplis, SIBISO ka ba ou on Pwotokòl Rezidan Vil Kapital Meksik ki pral fonksyone tankou yon pyès idantite ofisyèl nan vil la. Ou ka jwenn li, li nesesè pou ou anrejistre nan lis envite yo ak imigran ki ap retounen nan kapital Meksik.

POU JWENN SÈVIS ORYANTASYON, KONSEY AK KANALIZASYON, W'AP BEZWEN SÈLMAN:

1. Ale nan biwo yo ak yon pyès didantite (si ou gen plis papye li bon tou men sa pa obligatwa).
2. Gen yon entèvyou/ on ti chita pale ak yon moun ki ap travay andedan an nan biso Sekretarya a pou li kapab idantifyeki sao u bezwen epi kijan ki ka orante w.
3. Ranpli yon fòmilè ki rele "Konsantman express" an panyòl se "Consentimiento expreso": Y'ap ba ou fòmilè sa lòt bò a, e lè ou siyen li ou otorize pou yo kenbe enfòmasyon pèsonèl ou epi y'ap itilize li sèlman pou yo kabab ba ou sèvis yo epi pou bay kontinyite oka ou sa ta nesesè.



POU PLIS ENFÒMASYON SOU SÈVIS SA KONTAKTE BIWO SOUDIREKSYON IMIGRAN.

Rele nan nimewo telefón sa **55 8957 3416**

Ekri nan imèl sa coordinacionmigrantes@sibiso.cdmx.gob.mx

Oswa ou ka ale nan **Gichè Atansyon** ki nan Fernando de Alva Ixtlixochitl 185, nan etaj anba, col. Tránsito, Alcaldía Cuauhtémoc.

Orè sèvis la se sòti lendi pou rive vandredi, sòti nan 09:00 a.m. pou 6:00 p.m.

NOU SWETE W LABYENVENI NAN VIL KAPITAL MEKSIK!

Isit la tout imigran, moun ki ap mande kondisyon refijye a oswa azil, ak refijye ka jwi tout dwazimen ki etabli entènasyonalman, nan Konstitisyon meksikèn nan, nan konstitisyon Vil kapital Meksik la ak nan lwa nasyonal epi local.



TANKOU JAN LI ENDIKE NAN ATIK 20 KONSTITISYON VIL KAPITAL MEKSIK LA:

“ Gouvènman Vil kapital Meksik la ak tout otorite local yo, nan mezi konpetans yo, dwe ankouraje, respekte, proteje epi garanti dwazimen tout imigran, kit yo an tranzit, yo retounen nan kapital la oswa se destinasyon final yo, tankou moun ke yo rekonèt tankou refijye, moun yo bay azil politik oswa pwoteksyon konplemantè, plis anpatikilye timoun (tifi, tigason) ak adolesan an konfòmite ak jan li etabli nan Konstitisyon Politik Peyi Meksik la, trete entènasyonal yo ak lwa federal nan la matyè.

Gouvènman vil kapital Meksik la, an kowòdinasyon ak minisipalite yo, pral aplike politik dakèy afavè imigran yo, tankou moun ki ap mande azil ou byen ki jwenn azil déjà ak pwoteksyon entènasyonal nan Meksik”.

ANPLIS DWA KI ETABLI NAN NIVO NASYONAL, KONSTITISYON VIL KAPITAL MEKSIK LA AK LWA INTÈKILTIRÈLTE, ATANSYON A IMIGRAN AKMOBILITE IMÈN (MOVILIDAD HUMANA) GARANTI BAGAY SA YO:

1. Jwi garanti ak libète fondamantal, ak tout sètitud legal nan yon kad egalite ak ekite ant fanm ak gason;
2. Deside sou lib sikilisayon yo ak chwa rezidans yo nan vil la;
3. Regularize sitiayon legal yo ak aksede nan yon travay ki diy ki gen libète, trete tout moun menm jan, benefis, pou yo ka genyen tou yon kalite devi su situación migratoria y acceder a un trabajo digno que integre libertad, igualdad de trato y prestaciones, así como contar con una calidad de vida apwopriye ki asire sante, manje, rad, asistans doktè, edikasyon publik nan tout madalite yo, an konfòmite ak jan lalwa aplike li a;
4. Evite nenpòt ki tip esklavaj, fòm opresyon, ki gen ladan l angajman travay, maryaj, explwatasyon travay timoun, explwatasyon travay domestik, travay fòse ak eksplwatasyon seksyèl;
5. Fè biznis, òganize yo ak fè payo yon rezo solidè ki pou ranfòse asosiyasyon ak kontribiye nan pwosesis ekonomi sosyal la ak devlopman entegral moun yo.;
6. Denonse tout fòm dominasyon, eksplwatasyon ak fè valè dwa yo, bay òganizasyon yo fòs ak rezo sipò mityèl yo.
7. Pwoteje yo kont nenpòt tip diskriminasyon;
8. Mande bon jan pwogram epi kreye politik ak pwogram espesifik pou timoun, jenn moun, fanm assent, ti granmoun, moun ki andikape, moun ki gen on diferan oryantasyon seksyèl, ak moun ki pi ekspoze;
9. Ankouraje medya yo pou jenere ranfòsman entèkiltiralite ak mobilite moun yo;
10. Fè rekonèt pwosesis ospitalite yo, entèkiltirèlte, mobilite imèn ak migrasyon nan kontèks alterite nan yon kad reseptif, respè, solidarite ak aseptasyon divèsite kiltirèl anvè viv ansanm ak jwenti sosyal;
11. Pwoteje valè kiltirèl pwòp yo;
12. Pwoteje yo kont pèsekisyon ak asèlma, tankou arrestasyon abitrô;
13. Pwoteje yo kont nenpòt domajman fiziz, nan tèt ou byen moral ak tout fòm britalite, pèn ak move tretaman, sovaj oswa degradan;
14. Pou yo pa anmède yo nan vi prive yo, nan fanmi yo, kay yo oswa korespondans, ni soufri atak sou onè yo oswa repitasyon yo;
15. Pou yo gen entèpretasyon ak tradiksyon lè panyòl se pa lang yo pale nan yon pwosesis ak demach legal;

Gen on travay ki diy epi ki sèten,
ale lekòl, resevwa atansyon doktè
lè w pa santi w byen oswa fè on
denons se kèk nan dwa sa yo
bezwen anpil fwa lè yo ale viv
nan yon nouvo vil.



Konnen kijan pou egzèse kèk dwa moun ki ap mande kondisyon refijye ou byen azil yo, refijye, imigran ak moun ki deplase nan peyi pou ale on lòt kote chache:



DWA A ON TRAVAY KI DIY

Ou gen dwa a on travay ki diy ki pou pèmèt ou satisfè tout bezwen de baz ou yo, menm si ou se on moun ki ap mande kondisyon refijye a, ou se refijye, ou benefisyé pwoteksyon konplemantè a, imigran ou byen ou se on moun ki deplase andedan peyi a.

KISA DWA SA GARANTI MWEN?

Nan fondasyon regilasyon peyi Meksik la:

- Konstitisyon Politik Etazini Meksiken an, nan atik 5 ak 123.
- Lwa Migrasyon, Chapit II. Sou sejou etranje yo sou teritwa nasyonal la.
- Règleman lwa migrasyon, Atik 52, seksyon. V, paragraf c). nan atik 164, seksyon IV.
- Lwa sou Refijye, Pwoteksyon konplemantè ak azil politik, nan atik 44.
- Konstitisyon Politik Vil kapital Meksik la.
- Lwa entèkiltirèlte, Atansyon a imigran ak Deplasman imèn, Atik 13.

KISA MWEN GEN BEZWEN POU MWEN KA TRAVAY?

Kèk anplwayè pral mande w tout ou byen kèk dokiman sa yo, prepare yo.



1. Pyès didantite ofisyèl, kisa ki valab nan Meksik?



- Kat vizitè pou rezon imanità oswa rezidans pèmanan. Moun ki ap mande refijye kaf è demach kat la nan Enstiti Nasional Migrasyon (INM).
- Viza vizitè ak yon pèmisyon pou ou reyalizekèk aktivite ki peye, si ou pral rete nan peyi pou mwen ke 180 jou.
- Kat rezidans tanporè ak pèmisyon pou travay.
- Kat rezidans tanporè pou etidyan ki gen pèmisyon pou travay, si aktivite li ap fè a gen pou l wè ak sa li ap etidy e a.
- Pwotokòl demach COMAR la. Se vre li pa on pyès didantite, ou ka itilize tankou yon pyès didantite. Pa jamm kite pwotokòl ou nan men lòt moun.
- Moun ki kòmanse demand papye li yo tankou refijye nan yon estasyon migratwa, lè yo ap sòti INM ap bayo on papye ki rele "Oficio de Salida". Papye sa valab pou 45 jou, li pral pèmèt ou reyalize aktivite ki peye epi li renouvlab.
- Dokiman enskripsiyon nan Rejis Envite Vil kapital Meksik la.



2. CURP

Tanporè oswa Pèmanan



Kle Inik pou Anrejistre Popilasyon an panyòl li se "Clave Única de Registro de Población" (CURP), se yon kle ki genyen 18 chif ak lèt ki pèmèt ou gen aksè a demach epi sèvis publik yo. Pou moun ki ap mande kondisyon yo li tanporè. Moun ki jwenn papye tankou refijye ou byen pwoteksyon konplemantè ap jwenn yon CURP pèmanan.



Pou konsilte epi desann CURP ou, ale sou paj sa <https://www.gob.mx/crup> Nan pati ki di "Estado" a, chwazi opsyon "Nacido en el extranjero"

3. RFC



Rejis Federal Kontribiyan (RFC) an se yon kle ki 13 chif ak lèt ki sèvi pou ou ka enskri nan enstitisyon ki responsab pou touche enpo nan peyi Meksik, yo konnen li tankou SAT. Pou ou ka jwenn li, on dwe majè, genyen on adrès imèl, on bòdwo kay original epi fòk ou gen CURP ou nan men w.

-  Apre, ranpli fòmilè a nan paj sa <https://www.sat.gob.mx/personas> nan kote ki di Personas y Trámites del RFC.

4. Aplikasyon pou travay oswa Curriculum



El curriculum vitae (CV) ak aplikasyon pou travay la se dokiman ki gen enfòmasyon pèsonèl ou ak eksperyans travay ou. La solicitud de empleo son documentos que contienen tu información personal y tu experiencia laboral. Yo sèvi pou ka prezante w kòm moun ki ap mande travay.

-  Ou ka achte papye sa nenpòt kote yo van papye epi li fasil pou ou ranpli li, ou dwe ranpli espas vid yo ak enfòmasyon dou papye ou, pozisyon w'ap aplike pou li a, etid ou fè ak travay ou te gen avan, pami lòt yo.

5. Enskri nan Asirans Sosyal



Nimewo Asirans Sosyal lla se rejis tout moun ki nan Enstiti Meksiken pou Asirans Sosyal (an panyòl se Instituto Mexicano del Seguro Social (IMSS), entitisyen ki la pou bay sèvis sante ap pwoteksyon sosyal travayè ki afilye yo ak depandan yo.

6. Bòdwo kay



Papye ki gen ladann adrès kote w'ap viv la. Mande moun ki lwe ou kay la li, li pa nesesè pou non ou ladan l'. Ou ka tyeke lòt opsyon tou nan mezon dakèy yo si o unan youn. Sa ki enpòtan sè ke li dwe original e fòk li pa gen plis ke 3 mwa depi yo voye l.



Kèk bòdwo kay se bòdwo kouran, bòdwo telefòn oswa entènet, bòdwo dlo, bòdwo gaz, pami lòt. Si oo pa gen original la, ou ka desann ni sou entènèt.

7. Lèt rekòmandasyon oswa referans



Se yon lèt ekri kote yo pral pale de ou ak pèfòmans ou travay ou. Ou k mande li nan antrepriz kote ou te ap travay yo oswa on moun ki konen w byen.

Pou travay nan peyi Meksik ou dwe gen 16 zan pou pi piti. Si ou genyen ant 16 ak 18 tan ou ka travay sèlman si w'ap etidye y se 6 zèdtan maksimòm, anplis o upa dwe travay nan orè lannwit yo paske s aka danjere pou ou.



SA KI PASE SI YO MANDE M FM2 OSWA FM3?

Yo pa bay FM2 ak FM3 ankò paske lwa yo chanje. Si moun ki ap ba w travay la mande w li, ou ka eksplike li ke nan plas yo gen lòt dokiman ki endike kondisyon legal etranje yo genyen tankou Kat Vizitè pou Rezon Imaniè (an panyòl se Tarjeta de Visitante por Razones Humanitarias (TVRH)) oswa Kat Rezidans Pèmanan an panyò se Tarjeta de Residente Permanente (TRP) ke INM bay.

YO MANDE M POU M OUVRI ON KANÈ BANK, SA POU M FÈ?

Li posib pou w ouvè on kanè bank si ou genyen on idantifikasyon ofisyèl, on bòdwò kay ak kantite ki pi piti yo mande w la pou ouvè kanè bank la.

Gen kèk anlwayè ki ouvri kont pewòl pou li yo. Kont sa yo pa mande on kantite minimòm.

Menm lè règleman yo pèmèt sa nan Meksik, bank yo pokò fè ajisteman nan sistèm yo pou ki pou mèmèt yo aksepte kat INM bay yo.

Kondisyon diferan nan chak bank, men nan anpil ka, enstitusyon bank yo mande etranje yo DE (2) pyès idantite: paspò + on lòt idantifikasyon (nasyonal de preferans).



Pale ak youn nan agzekitif bank preferans ou wa pou ka konnen k isa w'ap gen bezwen pou ouvè on kont. Gen kèk bank ki kontinye mande paspò, men lalwa nasyonal pèmèt ou ouvri yon kont ak lòt domiman ofisyèl kounye a.

KI KOTE MWEN KA JWENN TRAVAY?

Yo pibliye òf travay yo nan paj travay, jounal, paj entènèt, anons nan lari oswa a travè moun ou konnen. Minisipalite yo ak depatman gen paj trava yak fwa travay.



Sèvis nasyonal pou travay nan Sekretarya Travay ak Byennèt Sosyal reyini pòs vid nan men diferan anplwayè yo epi to yo bay konsèy.



Ou ka enskri sou entènèt pou ka konnen ak resevwa pòs vid yo oswa ou ka ale dirèkteman ak dokiman yo ki mansyone anlè a.

1. Ale sou: www.gob.mx/empleo
 2. Rele gratis nan nimewo sa:
800 841 2020
 3. Voye on mesaj whatsapp sou
55 7335 6824
- * Sòti 8:00 a. m. pou rive 6:00 p. m.



Nou sijere w pou aplike pou plis òf travay posib selon pwofil ou ak sa w konn fè.

Gen fo òf travay ki ka mete sekirite w an danje. Anvan ou ale nan yon entèvyou ou byen aksepte of travay, tyeke enfòmasyon moun ki ap ba w travay la, ou ka mande on moun de konfyans pou akonpaye w ak enfòme zanmi w sou orè ak kote w prale nan entèvyou travay la.



ORYANTASYON AK ÈD POU TRAVAY

FÒMASYON

Si ou gen plis pase 15 zan epi ou swete pran fòmasyon pou konplemente fòmasyon epi elaji opsyon travay ou, envestige sou pwogram fòmasyon enstitisyon yo tankou Instituto de Capacitación para el Trabajo de la Ciudad de México, ICAT, CECATI, oswa lòt sant tankou IFORTAB (nan Tabasco), ICET (Nuevo León), ICATVER (en Veracruz), ICATECH (Chiapas) ki bay sètifikasi ofisyèl ki valab.

→ Gen lòt enstitisyon tankou Aldea Arcoíris, GYI, Gastromotiva, ki gen alyans ak ACNUR epi yo bay kou ki ankouraje plasman travay.

→ Nan vil kapital Meksik (Ciudad de México) ou ka ale nan pwogram Casa Refugiados pou plis enfòmasyon ak lyen pou diferan opòtinite travay nan entregrasyon local la.



ÈD POU FÒMASYON, KIJAN M KA JWENN LI?

ACNUR ka ba w èd pou kouvri kèk depans kou sa yo.

Èd yo se pou moun ki ap mande refijye, ki se refijye ak / oswa benefisyè pwoteksyon konplemantè ki entérese pou enskri nan yon kou ou byen ki gentan enskri deja.

Si kou a pral apèn kòmanse, prezante resi enskripsyon an. Li enpò pou w pwouve ou pran ku yo pou w ka kontinye jwenn èd sa.

Alkil fwa OIM reyalize atelye antreprenarya pou imigran yo. Si w ta renmen patisipe nan youn, ou ka voye on mesaj nan iommexicoemerg@iom.int pou mande sou kèk nano u yo ou byen swiv yo sou rezososyo òganizasyon an.



VALIDE METYE W AK ABILITE TRAV



Nan peyi Meksik gen enstitisyon ki evalye konesans, abiite ak kapasite ou genyen epi yo ba w on sètifica ofisyèl. Sètifica konpetans yo montre ke ou gen konesans nesesè pou akonpli on fonksyon ak on gwo nivo pèfòmans, kote w jwenn ni an pa enpòtan.

Lè w gen diplòm nan, w'ap genyen on papye ofisyèl ki pral sèvi w nan tout peyi a ki ap valide konpetans ou. obtendrás un documento oficial que sirve en todo México para respaldar tus habilidades.

Gen sistèm estanda konpetans la CONOCER ak Rekonesans Ofisyèl Konpetans pou Okipasyon an panyìl ki se "Reconocimiento Oficial de la Competencia Ocupacional (ROCO)", Ou ka jwenn papye sa yo nan sant CECATI yo ki se Capacitación para el Trabajo Industrial (CECATI).



ÈD POU VALIDE ABILITE W YO, KIJAN W KA JWENN LI?

ACNUR gen yon èd pou ke ou pakab valide abilite w ak konpetans teknik ou. Gen konpetans teknik nan nan divès sektè tankou cuenta: administrasyon publik, jadinay ak elvaj bét, otomobil, kòmès, konstriksyon, enèji elektrik, finans, manifakti, min, aprann fè rad ak soulye, pwosedi manje, teknoloji enfòmasyon, transpò ak touris, pamì lòt.

Pou plis enfòmasyon kontakte más informac ACNUR

Rele gratis nan tout peyi Meksiknan nimewo telefòn sa México 800 226 8769 ak 800 283 2718

WhatsApp: +52 55 7005 5950

integracionmexico@unhcr.org



DWA A LASANTE

Tout moun ki nan peyi a, kèlkeswa nasyonalite yo, gen dwa pou resevwa gratis aksè a sèvis sante, sante mantal, medikaman, ak lòt sa ki genyen selon disponibilite yo.

KISA DWA A GARANTI M?

- 4° atik nan konstitisyon an fè konnen ke tout moun gen dwa pou pwoteje sante yo.
- Lwa imigrasyon, atik. 27.
- Konstitisyon Politik Vil kapital Meksik la.
- Lwa Entèkiltirèlte, Atansyon pou Imigran ak Mobilite Imèn, Atik 13.
- Lwa Jeneral Sante, Atik 77 bis 1, bis 7.
- Lwa Imigrasyon, Art. 27, seksyon I: etabli pou bay tout ejtranje sèvis sante, kèlkeswa sitiayson legal yo.
- Lwa sou Refijye, Pwoteksyon Konplementè ak Azil Politik, Atik. 44, seksyon II.

Ou ka jwenn aksè a nan a travè asirans sosyal, si ou genyen on travay fòmèl epi si ou anrejistre, oswa atravè Enstiti Sante pou Byennèt an panyòl ki se Instituto de Salud para el Bienestar (INSABI).

PWOTEKSYON SEKIRITE SAN ASIRANS SOSYAL A TRAVÈ INSABI



Moun yo ka ale nan Sant Sante, Sant Sante ak Plis Sèvis (CESSA), Inite medikal IMSS byennèt, Inite Espesyalite Medikal (UNEMES) ak nan Zòn Riral, Kominotè ak Jeneral.

» Sa w gen bezwen



Pou w ka benefisyé de prestasyon gratis sèvis sante ak medikaman yo, ou:

- Dwe nan peyi a
- Pa benefisyè IMSS
- Dwe prezante CURP tanporè oswa pèmanan resentar
- INE ou byen batistè, ou pa bezwen afilyasyon
- Prezante pwotokòl ou genyen nan COMAR
- Dokiman migratwa devan INM



Nan kèk ka: Bòdwo kay ou (Yo mande moun yo pisouvan pou ale nan sante sante ki pi pre yo a, pou yo ka bay swivi a ka yo a).

» Kijan ou jwenn aksè?

Sistèm atansyon an gen ladan I medikaman, analiz, etid, diagnosyik, operasyon, entène nan lopital si se ka, de atención incluye medicamentos, análisis, estudios, diagnósticos clínicos, intervenciones quirúrgicas y hospitalización en su caso, pou w jwenn pwovisyon sa yo ak sèvis sa yo gratis, sa pral depann de disponiblite yo, si genyen yo. Stansyon nan sektè sante a koresponn a diferan nivo epi yo toujou nan wout.

Pou swen ijans, ijans ak premye nivo prensipalman, nan majorite sant sante yo, yo revize sistèm triyaj la pou yo ka idntifye ka ijan yo. Konsa tou gen on sistèm fich, sa pral depann de konbyen moun ki ap tann, tan an ka varye.

1. **Swen ijans.** Se yon eta sante ki prezante toudenkou san vi w pa an danje epi ki ka bezwen asistans doktè panda non peryòd de tan ki rezonab (ant 2 ou 3 zèdtan).

E si mwen gen yon ijans?

Li pa enpòtan si ou se yon etranje, o upa gen papye, ni ou asosye nan okenn sistèm sèvis sante. Nan peyi Meksik, jwenn swen doktè nan ka ijans gratis, ou k arele 911 nan nenpòt ki telefòn. Si ou se on moun ki ap mande kondisyon refijye, refijye, imigran oswa moun kiap deplase andedan peyi a, ale nan Sant Doktè ki pi pre lakay ou oswa nan lopital general zòn kote ou rete a. Pou ka jwenn atansyon an, ou ka prezante pwotokòl paye COMAR la, kèk dokiman INM ba ou, oswa nenpòt pyès idantite ou genyen.



2. **Ijans.** Se yon sitiyasyon sante ki prezante toudenkou, ki bezwen tretman doktè oswa atansyon ak yon gwo posiblité pou pèdi vi w.
3. **Premye Nivo.** Se li kipi pwòch popilasyon an, se pou tèt sa, premye nivo kontak la. Se premye kontak ki pou idantifye bezwen sante de baz e pi souvan ou nan ka ou bezwen on atansyon espesyalize; nan pwen sa y'ap kanalize w nan on dezyèm ak twazyèm nivo. Ale nan Sant sante ki koreponn nan.
4. **Dezyèm Nivo.** Aprè referans nan dezyèm nivo a, y'ap lokalize lopital oswa etablisman kote yo bay sèvis an relasyon a medsin entèn, pediatri, jinekoloji-obstetrik, chiriji general, sikiatri. Aprè referans sa. Aprè referans sa ale nan: Lopital Jeneral ki koresponn.
5. **Twazyèm Nivo.** Li rezève pou swen patoliji ki konplike ki bezwen pwoesisis espesyalize ak gwo teknoloji. Sa ap bezwen on kanalizasyon/ fèy referans. Kèk nan sant wo nivo sa yo se nan kapital eta a ou jwenn yo.

APRÈ REFERANS SA OU KA ALE NAN:

- | | |
|--|---|
| → Lopital Espesyalite yo. | → Sant Gwo espesyalite yo nan nivo departman. |
| → Sant Mobil (machin) pou Prevansyon ak Atansyon pou SIDA ak ITS (CAPASITS). | → Lopital espesyalite pediatrik (pou timoun) de especialidades pediátricas. |

KOTIZASYON FANMI

Sant sante yo ka mande pou kouvri kotizasyon fanmi an, pou sao n travayè sosyal pral fè yon elalyasyon sosyoekonomik.

Nan ka fanm ansent yo li enpòtan pou chache atansyon medikal pi vit posib.



KIAJN OU KA AKSEDE A SÈVIS IMSS YO?



1. Ou dwe genyen on Nimewo Sekirite Sosyal (NSS) ki inik, pèmanan epi o upa transfere l'. Sa pa enpòtan si ou chanje travay, nimweo sa ap toujou rete pou ou. Ou ka jwenn nimewo sa gratis nan Soudelegasyon an oswa nan Biwo afilyasyon ak koleksyon ki koresponn ak ou selon kote w rete a oswa nan paj entènèt sa: <http://www.imss.gob.mx/tramites/imss02008> Si ou reyalize demach sa sou entènèt, ou pral bezwen CURP ou ak yon imèl.
2. Ou dwe genyen on travay fòmèl. NSS la pap efektif jiskaske anplwayè w la anrejistre w, oswa ou fè yon pèman chak mwa nan IMSS.
3. Ale nan klinik oswa nan inite medikal lafanmi ki pi pre lakay ou pou w' kaf è enskripsyon an ak tout fanmi w.
4. Ou ka pran randevou yo ak on doktè nan klinik la, oswa atravè aplikasyon mibil IMSS la. Anplis ou ka konsilte diferan benefis akpwogram ke yo ofri.

Enstiti Meksiken Sekirite Sosyal (IMSS) se enstitisyon piblik ki pi gran nan sèvis sante ak pwoteksyon sosyal nan peyi Meksik. Lè w gen on travay fòmèl, ou gen dwa a IMSS ki bay sèvis sa yo:

» Asirans maladi



Sèvis doktè, operasyon, famasi ak lopital.

» Asirans matènité



Sèvis doktè pandan gwosès ak akouchma, tankou èd an espès oswa lajan ak manman ki ap travay yo.

» Pwoteksyon kont aksidan ak maladi ke ou ekspoze lè w'ap è travay ou



Atansyon doktè es isa nesesè on panson pandan w'ap reprann ou.

» Asirans andikap ak lanmò



» Panson pou lè w pran retrèt, chomaj nan laj avance ak vyeyès



» Sèvis gadri



Ki gen ladan l pwòpte, manje, swen sante, edikasyon ak rekreyasyon (jwèt pou timoun).

Chache Depatman Travay sosyal lopital la ak sant sante a. La y'ap ba w oryantasyon sou demach pou w ka jwenn tout kalte sèvis sante, oswa yo fè w on etid sosyoekonomik pou yo ka idantifye si w kalifye pou yo fè on rabè pou ou oka ou tretman ou bezwen an li pa gratis.



Si o unan entèvyou ak COMAR, li enpòtan pou w di yo o upa santi w byen oswa o uta renmen wè on doktè, y'ap kapab kanalize w nan yon enstitisyon ki adekwat pou atansyon w nan.



DWA A LEDIKASYON

Tout moun, kèleswa nasyonalite yo, sitiayson legal yo nan peyi a, ou byen sèks yo gen dwa a ledikasyon nan peyi Meksik. Sistèm lekòl ak peryòd lekòl nan Meksik ka diferan de peyi w, pou sal i enpòtan pou enfòme w. Si ou se paran (manman, papa) oswa w'ap pran swen timoun nan oswa adolesan an; lalwa oblige w pou w asire w ke timoun yo asiste lekòl ak kontinye ak etid yo.

KISA DWA SA GARANTI M?

- Konstitisyon Politik Etazini Meksiken nan atik 3.
- Lwa Jeneral Edikasyon.
- Lwa sou Refijye, Pwoteksyon Konplemantè ak Azil Politik, Atik 44, Seksyon III.
- Akò 286 nan zafè ledikasyon.
- Lwa Jeneral Dwa Timoun (tifi – tigason) ak Adolesan.
- Konstitisyon Politik Vil kapital Meksik la.
- Lwa Entèkiltirèlte, Atansyon a Imigran ak Mobilite Imèn, Atik 13.

Enstitisyon edikatif nan tout peyi a gen obligasyon pou garanti aksè a edikasyon debaz ak segondè, menm si o upa gen papye akademik oswa papye idantite.

Yo paka refize w aksè nan okenn moman pou sitiayson legal ou nan peyi a ou byen si ou se etranje.



KISA M DWE KONNEN SOU LEDIKASYON NAN MEKSIK?



1. Edikasyon piblik gratis, sepandan, li komen ke lekòl yo mande w on kotizasyon pou sipò. Chak etidyan dwe genyen inifòm ak souti eskolè yo.
2. Lekòl preskolè, primè, segondè (ak lise) obligatwa.
3. Preskolè (dire 3 zan) – nan ranje laj sa yo an mwayèn, 3 a 5 kan.
4. Primè (dire 6 zan) – nan ranje laj sa yo an mwayèn, 6 a 12 zan.
5. Segondè (dire 3 zan) – nan ranje laj sa yo an mwayèn, 12 a 15 zan.
6. Lise oswa bakaloreya (dire 3 zan) nan ranje laj sa yo, 15 a 18 tan.
7. Sekreteri Edikasyon Piblik (SEP) se otorite ki responsab zafè lekòl epi gen yon biwo sekretèri nan chak eta nan peyi a.
8. Ane lekòl pou nove debaz yo kòmanse nan mwa out epi li fini nan mwa jiye.
9. Pou timoun ak adolesan ko soti nano n lòt peyi yo ka enskri yo nan nenpòt ki moman nan ane esklolè si sèlman yo gen papye yo mande yo pou enskripsyon an.
10. Lekòl piblik yo gen gwoup maten (8:00 pou 13:00 zè) ak gwoup aprèmidi (13:30 pou 19:00 vè). Atansyon, on menm lekòl ka gen de non: youn pou chak gwoup.

KI DOMIMAN M BEZWEN POU M ALE LEKÒL?



1. Identifikasyon timoun nan (tifi / tigason) oswa adolesan).
2. Identifikasyon papa a, manman an oswa moun ki gentitèl li a.
3. Bòdwo adrès kay ou.
4. CURP.
5. Batistè oswa Pwotokòl COMAR ba ou a o.
6. Identifikasyon papa a, manman an oswa moun ki gen titèl la.
7. Prèv dènye klas yo fè a oswa kanè yo ba li a nan lekòl kote li sòti a oswa dokiman revalidasyon etid li yo.
8. Kat Nasjonal Vaksen.
9. Resi pèman kotizasyon èd la (si sa aplike).

Pou antre nan lekòl segondè ak oswa bakaloreya,
w'ap bezwen ajoute:

1. Sètifica etid primè oswa segondè oswa Revaidayon etid yo.
2. Sètifica pou bon disiplin (si sa aplike).



EDIKASYON DEBAZ POU JENN MOUN AK GRANMOUN

Li pa janm twò ta pou aprann!

Si ou gen plis pase 15 zan, atravè pwogram enstiti Nasyonal pou Edikasyon Granmoun (INEA) ou ka:

- Kòmanse oswa fini lekòl primè w ou segondè w.
- Si ou fini yo, men ou pa gen sètifikasi peyi w, ou ka akredite yo pou jwenn validite yo nan Meksik.
- Etidye sou entènèt pou ka fini etid ou, gratis ak Modèl Edikasyon pou Lavi ak Travay.
- Patisipe nano n pwogram sètifikasyon ki evalye ak sètifye konesans ou.

ORYANTASYON AK ÈD POU EDIKASYON

JWENN SÈTIFIKA OSWA DIPLÒM ETID YO

Ou fini lekòl primè, segondè, oswa bakaloreya, meno u pa gen diplòm yo ak sètifikasi yo? Oswa ou kòmanse etid ou epi ou pokò fini yo?, nou ka ba w oryantasyon epi ede w pou w ka jwenn diplòm lekòl o unan Meksik.



KIJAN W KA JWENN ÈD SA?

ACNUR ka ofri w kèk èd pou etidye.

*Si w gen pwoblèm pou w enskri pitit ou lekòl; kontakte ACNUR, OIM, oswa SIBISO pou yo k aba w oryantasyon.

VALIDE SÈTIKI ETID OU YO NAN MEKSIK

Si ou fini lekòl primè, segondè, bakaloreya oswa edikasyon siperyè (inivèsité oswa teknik) nan peyi w, epi ou gen sètifikasi w oswa diplòm ou yo, nou ka ede wpou ou valide papye sa yo nan Meksik. Li pa nesesè pou sètifikasi w yo oswa diplòm yoapostiye pou ka revalide yo. Anplis, ACNUR ka ede w ak kòb pou demach sa pou w ka jwenn isantifikasyon pwofesyonèl la.



Si w vle konnen kijan w ka jwenn yo, rele ACNUR.

KIJAN W KA JWENN ÈD SA?

Ou dwe prezante sètifikasi etid ou vle revalide yo epi pataje resi demach revalidasyon an.

ALE NAN INIVÈSITE

Gen yon pwogram bous DAFI, ke gouvènman Almay aklòt donatè finanse, yo ofri etidyan refijye yo posiblite pou fè etid inivèsité yo pou kouvri kèk bagay ki gen relasyon ak edikasyon siperyè ki gen ladann kòb pou frè lekòl, materyèl, kòb pòch.

KIJAN M KA JWENN KÈK NAN ÈD POU LEDIKASYON KIT SOT DI A LA?

Si w vle konnen kijan w ka jwenn yo, kontakte ACNUR pou yo ka eksplike w ki s w'ap gen bezwen.



DWA A INITE FAMILIAL

Lè yo rekonèt on moun tankou refijye,
li gen dwa pou li kòmans fè on
demach gratis devan COMAR pou
fanmi l ka vin jwenn ni nan Meksik.

Lè on moun benefisyé pwoteksyon konplemantè, li ka fè
fanmi l vini Meksik tou, atravè on demach li pral fè nan
INM kote li pral mande on viza ki se reyinifikasyon fanmi,
men demach sa diferan e fòk ou peye pou li.

KISA DWA SA GARANTI MWEN?

- Lwa sou Refijye, Pwoteksyon Konplemantè ak Azil Politik, Atik 44, Seksyon VI.
- Lwa Imigrasyon, Atik 55.
- Lwa Jeneral Dwa Timoun ak Adolesan, Atik 93.
- Konstitisyon Politik Vil Kapital Meksik la.

» Kijan m ka mande reyinifikasyon fanmi an?



1. Ou dwe prezante devan COMAR on lèt lib kote ou pral mande reyinifikasyon fanmi an, ansanm ak on dokiman ki pwouve lyen fanmi an, depandans ekonomik fanmi an sou ou, ak kapasite w ou okipe fanmi w.

Fanmi ki ka benefisyé de reyinifikasyon an e ki ka gen menm kondisyon refijye a se: madanm o swa mari, moun kip lase, pitit, manman ak papa, fanmi jista 4èm degre; ak fanmi madanm ou byen mari w ak fanmi yo jiska dezyèm degre ki pral depann de ou menm ki refijye a.

Si kote 'ap viv la pa gen biwo oswa on delegasyon COMAR, ou ka prezante demand reyinifikasyon fanmi an nan Enstiti Nasyonal Imigrasyon (INM) epiyo menm y'ap voye papye w yo nan COMAR.

2. COMAR ka ekri w pou mande w plis enfòmasyon oswa dokiman. Aprè, COMAR k aba w randevou pou yon entèvyou.
3. Si COMAR otorize w reyinifikasyon fanmi an, fanmi w yo ak kapab vwayaje epi y'ap genyen kondisyon refijye a pa "estati derive", konsa y'ap kapab fè demach rezidans pèmanan an on fwayo rive Meksik.
4. Ak otorizasyon reyinifikasyon fanmi an, ou pral ale nan Enstiti Nasional Imigrasyon pou otorize fanmi w vini nan peyi a ak yon viza pa inite lafanmi.

» **Benefisyè pwoteksyon konplémentè**



Lè w gen rezidans pèmanan, w'ap ka dande INM viza Inite Fanmi an epi on fwa yo rive nan peyi a , pou mande rezidans la, se ou menm ki ap kouvri tout depans yo. W'ap kapab mande viza sa sèlman pou kèk nan fanmi w (madanm ou, mari w, mennaj ou, pitito u, frè w oswa sè w ki poko majè).

Demach sa ak dokiman yo gen on pri pou chak moun.

» **Oryantasyon ak sipò pou inite lafanmi**



Si ou se on refijye oswa benefisyè pwoteksyon konplémentè e ou vle fè fanmi w vini Meksik, ANUR k aba w konsèy ou byen kanalize w ak kèk òganizasyon pou ede w ak transfè fanmi w.

Nan ka nesesè nou ka mete w an kontak ak kèk avoka ki oryante w oswa ede w gratis pou w fè demach sa yo.

KIJAN MWEN KA JWENN AKONPAYMAN AN?

Ou pral prezante diktamèn otorizasyon reyinifikasyon fanmi COMAR la ak/oswa otorizasyon INM ba yo a pou ka antre nan peyi a ak viza inite fanmi an.



PRAN NASYONALITE MEKSIKÈN NAN

Si yo rekonèt ou tankou refijye
oswa ou gen pwoteksyon
konplemantè a, lalwa pèmèt ou
jwenn nasyonalite meksikèn nan
atravè on pwosesis natiralizasyon.

KISA PWOSESIS SA GARANTI M?

- Lwa Nasyonalite, Atik 19 – 26.
- Règleman Lwa Nasyonalite, Atik 14, 15, 16, 17 Seksyon III.
- Règleman lwa sou refijye ak Pwoteksyon Konplemantè, Atik. 86.

» Kisa m bezwen pou m kòmanse pwosesis natiralizasyon an?



- Gen on Rezidans Pèmanan pou 2 zan pou pi piti pou moun ki soti nan peyi amerik latin yo oswa nan Penensil Iberik la, oswa 5 an pou nasyonalite lòt peyi.
- Genyen 18 an pou pi piti (18 años).
- Pale panyòl.
- Nan ka timoun akadolesan yo, li nesesè pou paran yo natiralyze avan pou ke yo kòmanse demach pa yo a.

Pou konplete pwosesis la, ou dwe reyini papye sa yo ak kèk lòt ki akredite idantite w ak tan w genyen depi w'ap viv Meksik. Gen pati nan demach sa yo ki pral fèt nan Vil kapital Meksik la.



Ou ka konsilte sa w'ap gen bezwen pou ou naturalize sou paj entènèt Sekretèri Relasyon Eksteryè, an panyòl ki Relaciones Exteriores, sou paj sa:



Carta de naturalización por Residencia



Carta de naturalización por ser originario de un país latinoamericano o de la península ibérica.

- Moun peyi Amerik Latin yo (Honduras, Venezuela, El Salvador, Cuba, etc.) oswa Penensil Iberik la ka kòmanse pwoesisis la aprè 2 zan lè w fin gen Rezidans Pèmanan an.
- Moun nenpòt lòt peyi kaf è pwoesisis la apre 5 an, amwenske yo marye ak yon meksiken oswa yo gen on petit ki meksiken.

» Oryantasyon ak sipò pou naturalizasyon



ACNUR ka ba w konsèy ak èd ekonomik pou reyalize pwoesisis naturalizasyon an, ki se jwenn nasyonalite meksiken an.

KIJAN W KA JWENN ÈD LA?

Li aplike pou moun ki refiye ak moun ki gen pwoteksyon konplémentè ki gen rezidans pèmanan depi 2 zan, si yo sòti nan yon peyi amerik latin oswa nan Penensil Iberik la; ou byen 5 an pou moun lòt nasyonalite.

Èd la gen ladan l pri pou pwoesisis naturalizasyon an, pri pwoesisis pou jwenn dokiman nesesè oswa èd pou ale nan Vil Meksiko a pou reyalize demach yo.

ACNUR

ACNUR, Ajans Nasyonzini pou Refijye, se yon òganizasyon entènasyonal ki ap travay pou pwoteje moun ki kouri kite peyi yo paske vi yo, sekirite yo oswa libète yo an danje.

Si ou pè retounen nan peyi w paske vi w, sekirite w oswa libète w an danje, ou gen dwa pou ou mande pwoteksyon tankou refijye nan Meksik.



KI MOUN KI ON REFIJYE?

On moun ki refijye se yon moun kip aka tounen nan peyi l' paske vi li, sekirite l' oswa libète l' an danje.

Nan peyi Meksik, ògan gouvènman ki responsab pou resevwa, analize ak deside sou demann kondisyon refijye a se Komisyon Meksiken Èd pou refijye ke nou konnen sou non (COMAR).

Si ou gentan nan pwosesis devan COMAR, ou byen ou se on moun ki se refijye ou byen ou jwenn pwoteksyon konplémentè, pral depann de nesesite w ak kapasite ACNUR, a travè biwo li yo ki nan plizyè vil nan peyi Meksik, ka:

- Oryante w sou demach ak sèvis nan peyi a, pwosesis devan COMAR lan ladann tou.
- Ba w asistans legal gratis sika w la bezwen l.
- Kontakte w ak òganizasyon epi otorite pou ka pwoteje vi w, sekirite w ak entegrite w.
- Gide w pou ou ka etidye ou byen revalide etid ou yo, jwenn aksè ak sèvis sante piblik, fòmasyon pou travay oswa ede w' nan dokiman ki ka pèmèt ou travay.
- Ba w akonpayman pou w ka entegre w nan sosyete meksikèn.

Kontakte ACNUR

Telefòn gratis nan tout peyi Meksik 1a 800 226 8769 y 800 283 2718
WhatsApp: +52 55 7005 5950
<https://help.unhcr.org/mexico/>



OIM

Òganizasyon entènasyonal Migrasyon (OIM) nan peyi Meksik bayo n repons entegral pou nesesite imèn imigran yo, moun ki ap deplase andedan peyi a, moun on lòt peyi voye tounen lakay yo ak kominate akèy yo.



OIM pran aksyon pou li bay imigran yo asistans nan yon kontèk ijans, li ap lite kont kontrebann ak trafik moun, bay entitisyon yo fòs epi asiste a popilasyon imigran yo, imigran ki ap retounen, mobilite entènasyonal, oryantasyon pou migrasyon ak pibliye enfòmasyon sou migrasyon.

OIM gen on biwo santran nan Vil Kapital Meksik ak 8 biwo nan sou teren peyi a:

- | | |
|------------------------------------|-----------------------------|
| → Tenosique, Tabasco | → Monterrey, Nuevo León |
| → Villahermosa, Tabasco | → Ciudad Juárez, Chihuahua |
| → Tapachula, Chiapas | → Mexicali, Baja California |
| → San Luis Potosí, San Luis Potosí | → Tijuana, Baja California |

Kontakte OIM

<http://mexico.iom.int/>

<https://www.facebook.com/OIMMex/>

https://twitter.com/OIM_Mexico

<https://www.instagram.com/oimmexico/>

Telefòn 55 5536 3922



Migration
Multi-Partner
Trust Fund



NACIONES UNIDAS
MÉXICO



ESTA PUBLICACIÓN FUE PRODUCIDA CON EL APOYO FINANCIERO
DEL FONDO FIDUCIARIO DE SOCIOS MÚLTIPLES PARA LA MIGRACIÓN.